**Дуе нижер салам,**

**Салатавия**

ГӀагарал росаби – Салатавия,

Расалъаби, мугӀрул – Салатавия.

Суратал рихьизе ран ругин кколеб

Берцинаб тӀабигӀат – Салатавия.

ТӀощел-пихъ гьарзаяб Салатавия,

Гьава-бакъ рекъараб Салатавия.

Къо ккедал рагъде ун рухӀалги кьурал

БахӀарзал руго дур, Салатавия.

ХIанчIазул чIирчIиди – Салтавия,

РитIуч1азул рохьал – Салатавия.

Рорхалъуда зодир цIумалгIадинал

Лебалал гIадамал – Салатавия.

ГIакъилал хараби – Салатавия,

ГIащикъал поэтал – Салатавия.

ГIелмиял тIахьазда гIемер батараб

Бечедаб тарих дур, Салатавия.

Ниж угьулеб хIухьел – Салатавия,

ХIасратаб кечI дуе, Салатавия.

Сабру рекIелъ бугел, рекъел бокьулел

ЖамагIатазул ракь – Салатавия.

Нижер пикрабазулъ – Салатавия,

Каранда кIутIиги – Салатавия.

Сапаралда рук1ун, тIад руссунагун,

Салам тIоцебе дуй, Салатавия.



Асхlабов Мухlамад,
Бавуотвай